# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 सितम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

नया संसद भवन में उप राष्ट्रपति चुनाव बदे आजु दिन में ओट परल। अजुये ओटे क गिनतियो हो रहल हौ। येह चुनाव में सी.पी. राधाकृष्णन राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन–एनडीए क ओम्मेदवार हवें ओहीं इंडिया गठबंधन बी. सुदर्शन रेड्डी के आपन ओम्मेदवार बनवले हौ। उप राष्ट्रपति पद खातिर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु सबसे पहिले ओट डरलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बस्ती जिला में अखिल भारतीय शिक्षा संस्थान विद्या भारती क सरस्वती विद्या मंदिर वरिष्ठ माध्यमिक विद्यालय कै उद्घाटन कइलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि कउनहू देस क सक्तिसाली, समर्थ अउर आत्मनिरभर भइले क सुरूआति ओइजा के सिक्षा से होला।

***याद रखना कोई भी देश शक्तिशाली हो, समर्थ हो, आत्मनिर्भर हो, इसकी शुरूआत होती है शिक्षा से। दुनिया के अंदर जब समृद्धि की चर्चा होती है और उनके द्वारा जो पैरामीटर तय होते हैं, उस पैरामीटर में सबसे पहला पैरामीटर आता है शिक्षा। शिक्षा कैसी होनी चाहिए। शिक्षा के पीछे में उद्देश्य क्या होना चाहिए। शिक्षा के बाद फिर स्वास्थ्य को प्राथमिकता दी जाती है। स्वास्थ्य के बाद कृषि और जल संसाधन को प्राथमिकता दी जाती है। इसके उपरांत कौशल विकास और रोजगार को, इंप्लायमेंट को उसके बाद इसके साथ जोड़ा जाता है। और फिर पर्यावरण को ध्यान में रख कर के किस प्रकार का विकास हो जो पर्यावरण के अनुकूल हो यह सभी पैरामीटर तय करने के बाद ही यह तय होता है कि अगर ये ये पैरामीटर आप तय कर रहे हैं तो समग्र विकास के लक्ष्यों को प्राप्त करने में सफल हो पाएंगे।***

मुख्यमंत्री आजु दुपहरिया बादे गोरखपुर पहुंचलें। उहां के गोरखपुर में आयोजित कई गो सामाजिक अउर सांस्कृतिक कार्यक्रमन में सामिल हो रहल हईं।

**********

बिदेस मंत्रालय नेपाल में बिरोध परदरसन के बिच्चे ओइजा रहि रहल भारतीय नागरिकन के नेपाली अधिकारियन के ओरि से जारी दिसा–निरदेसन क पालन कइले अउर सावधानी बरतले क सलाहि दिहले हौ। मंत्रालय बतवले हवे कि भारत, नेपाल के घटनाक्रमन पर नजरि रखले बा। मंत्रालय कहले हौ कि सुरक्षा बलन के सक्ति क प्रयोग कइले के बुनियादी सिद्धांतन क अनुपालन करे के चाही।

**********

येह बरिस स्वाधीनता दिवस पर लाल किला के प्राचीर से प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दिवाली से पहिले वस्तु अउर सेवा कर–जीएसटी में नया सुधारन क घोसणा कइले रहलें। जीएसटी परिषद तीनि सितम्बर के आम लोगिन के राहति देवे बदे दरन के युक्तिसंगत बनवले क मंजूरी दिहलस। जीएसटी में सुधार बाइस सितम्बर से लागू हो जाई। कॉस्मैटिक्स यानी सौन्दर्य प्रसाधन क्षेत्र बदे कइल गइल सुधारन के ले के प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

***सौन्दर्य के समानन पर जीएसटी दर अठारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा, जेहसे हेयर ऑयल, सैम्पू, दाढ़ी बनावे वाला किरीम आ लोसन, दंत मंजन, टेलकम पावडर अउर फेस पावडर जइसन रोजाना इस्तेमाल कइल जाये वाला उत्पाद सस्ता हो जाई। ओहीं टूथ पावडरो पर जीएसटी दर बारह फीसदी से घटि के पांच फीसदी हो गइल बा। जीएसटी में येह सुधारन से अब सौन्दर्य प्रसाधन क समान उपभोक्ता लोगिन के ढेरे सस्ता दर पर मिली। आकाशवाणी नई दिल्ली से रोहन अउर दिलनशी आरजू के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

श्रीराम मंदिर क निरमाण मार्च दुइ हजार छब्बीस ले पूरा हो जाई। श्रीराम मंदिर निरमाण समिति के बइठकी में ई फैसिला लिहल गइल। समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्रा बतवलें कि मंदिर से जुड़ल अब कउनहूं तरह क नया प्रोजेक्ट नाहीं सुरू कइल जाई। उहां के बतवलीं कि मंदिर परिसर में बनि रहल तिन्नो प्रवेस अउर निकास दुआरि जल्दिये आकार ले लेई। येह सज्जो दुआरिन क नाव प्रसिद्ध संतन के नांव पर रक्खल जाई।

**********

आवे वाला तिउहारन पर यात्रियन क होखे वाला भीड़ि के देखत पूर्वोत्तर रेलवे जौनपुर होत पूजा स्पेसल गाड़ियन क संचालन करी। ई जनकारी पूर्वोत्तर रेलवे बनारस क जनसम्पर्क अधिकारी अशोक कुमार दिहलें। उहां के बतवलीं कि येह ट्रेनन क संचानल आवे वाला छब्बीस सितम्बर से अट्ठाइस नवम्बर के बिच्चे होई। ई ट्रेन बिहार के छपरा से चलि के जौनपुर होत गुजरात के उधना स्टेसन ले चलावल जइहें

**********

प्रदेस कै प्रयागराज, आगरा अउर मथुरा के सथहीं कई गो अउरियो जिलन में बाढ़ि क हालति गम्भीर बनल बा। हमरे आकाशवाणी संवाददाता के मोताबिक जमुना नदी के पानी से मथुरा सबसे जियादा परभावित भइल हौ, जहवां कई गो रिहायसी इलाका पानी में डूबल बा।

**********